City of Boston
Inspectional Services

KIJAN POU W JWENN PÈMI FÒM KOUT OU A ?

W ap fè fas ak pwoblèm "Pa gen Dosye sou Okipasyon" an nan Depatman Sèvis Enspeksyon (Inspectional Services Department, ISD). Pou w ka kontinye ak demann pèmi ou yo, ou bezwen etabli "idantite" kay la.

Pou ede w fè sa, tanpri sèvi ak lis verifikasyon senp sa a pou w navige sou pòtay sou entènèt la epi jwenn pèmi ou a.

- **Aksè nan Pòtay la:** Ale sou boston.gov/isd epi klike sou "Apply for a Permit" (Fè Demann pou yon Pèmi)
- **Konekte/Kreye yon Kont:** Kreye yon kont avèk adrès imèl ou oswa konekte si ou deja gen youn
- **Kalite Pèmi:** Chwazi "Long Form/Alteration/Change of Occupancy" (Fòm Long/Modifikasyon/Chanjman nan Okipasyon)
- **Kalite Travay:** Chwazi "No Record of Occupancy" (Pa gen Dosye sou Okipasyon)
- **Valè:** Antre "1" (san siy dola oswa vigil)
- **Deskripsyon:** Endike aklè itilizasyon pwopriyete a
    - *Egzanp:* "Konfime okipasyon an kòm yon kay pou [number] fanmi"
    - *Nòt:* Asire w ou mete non pwopriyetè pwopriyete a, nimewo telefòn li ak adrès imèl li
- **Dokiman ki Annikse yo:** Ou pa bezwen mete okenn dokiman anniks nan demann lan

KISA K AP PASE APRE SA?

1. **Nimewo ALT:** W ap resevwa yon nimewo pèmi ki kòmanse avèk ALT.

2. **Revizyon nan Lis Atant lan:** Revizyon administratif la ap kòmanse, epi y ap voye dosye a bay Depatman Planifikasyon ak Zòn.

3. **Peman:** Peye pou pèmi ALT la, epi apre sa y ap bay pèmi Fòm Kout ou a.

4. **Enspeksyon:** Pran randevou pou enspeksyon ou a sou pòtay pèmi a.

YON KONSÈY ITIL POU VIZIT LA

Asire w tout inite yo aksesib pou enspektè bilding lan. Enspektè a pral verifye si aranjman espas yo, tankou kwizin, twalèt, antre separe ak kontè sèvis piblik yo, koresponn ak kantite fanmi ou deklare.